

**Yoyon Bahtiar Irianto:**

## **Carita Bari ti Bumi Siliwangi (Asmarandana)**

Nyungsi carita kamari, miang ka mangsa harita, nyimpang ka biwir pageto, reureuh dina pucuk mangsa, nuus dina tungtung renghap, mepende suku lumaku, nu mindeng rasa mokaha;

Cikeneh kabawa angin, cenah geus melak aksara, nancebkeun bibit kanyaho, dina kertas lalampahan, sanajan ukur salambar, diguratan ku panemu, nyirian lalangse mangsa;

Rumasa kajurung asih, aya nu teu wasa kedal, letah kelu jeung balelo, teu wasa mipit aksara, dina babasan carita, da hayang bari nyarungsum, angka-angka nu katunda;

Kungsi iber ti kamari, japati nu mawa seja, cenah nagri geus pangesto, angka-angka lalugina, aksara jadi carita, mangsana meujeuh disirung, ku rasa asmarandana;

Di dinya aya nu asih, di dinya aya nu heman, galecok amprok kasono, nyambuang sa taman tresna, pageuh karep mikacinta, ka nagrina nu saestu, siliwangi panutanna;

Los ka basisir hiliwir, dina sagara kasuka, nu sugih ku pangharewos, ngajaga-ngariksa raga, ngaping jeung ngajaring rasa, ngudaran tali bangbaluh, nyimpayan heman kasuka;

Najan sanes nu kamari, karaos endah nagrina, moal laas mikasono, moal laas mikaheman, sanajan loba hahalang, rek pageuh meungkeut satuhu, ku tali kasatiaan;

Biur ka langit dalingding, ngalanglang mega sawangan, lalajo gandang lalakon, ngalantung di luhur mega, metik bulan niir bentang, ucang angge nyulam layung, bawaeun nyaba ka jaga;

Teu laas ais pangampih, sanajan mangsa nyorangan, meungkeutan tali pangrido, angkeuhan lisan isukan, diwuuhu ku kaikhlasan, ulah nepi ka teu jucung, jadi lambaran carita;

Murag ka pasir hariring, tutagan gunung angkeuhan, keun sugar aya di sedong, nyampakeun rasa kaheman, pinuh karep jeung harepan, teu sangka panutan suwung, teu puguh ilang kamana;

Kacapi galih ngageuri, metikan galeuh nalangsa, ngajentreng na tungtung ramo, metik gurit nyirung laras, dina amparan madenda, kapidangdung lagu liwung, nujul dada nembus rasa;

Reureuh di tungtung janari, bray balebat lalumpatan, muru raga nu keur mopo, nyangsaya teu walakaya, melang ku lelebna sora, nineung ku kareueut imut, kunaon kieu jadina;

Teu nyangka ku siliwangi, abong diri geus walurat, naha hejo ku panempo, cidra teh kabina-bina, bibilasan jeung subaya, ninggalkeun saung lalanjung, nya naon nu jadi marga;

Duh Gusti Robbul Idzati, Nu gaduh jatining rasa, tamada abdi rumaos, tina ujub sareng riya, paneda bimbanganana, sugih pituduh pitulung, dugi ka dzat Kanzul Arasy...\*

(Bumi Siliwangi, 20 Oktober 2008)

### **Metik Malati (Kinanti)**

Malati laguning kalbu, tembang hariring nu kuring, haleuang dendang kamelang, dina laras adu-manis, miheman nu kapicangcam, nineung ka nu kapiati;

Malati perlambang luhung, kembang hate mayang ati, nu mangkak lebeting rasa, nyeungitan mamanis asih, keur pribadi nu bumela, nu ngancik na sanubari;

Sanaos seueur nu ngambung, seungitna masih kawarti, nyambuang di patamanan, waktos ku urang dipetik, meleber ka lelembutan, sumarambah kana rasa, mawa acining birahi;

Waktos paadu pangambung, gumerter rasaning ati, iraha atuh iraha, urang bareng ngahariring, iraha atuh iraha, urang bareng mupu kembang, ngalagu jangji pasini.\*

Babakan Paniisan, 10 Muharam 1431

### **Campaka Baseuh Cimata (Sinom)**

Campaka kembang kamelang, dipetik wanci girimis, nyangsang na dasaring manah, ciri panggeuingna diri, tawis pasini ditampi, jadi pupuh nu halimpu, ngalagu rangrang kamelang, ngadangding hariring kuring, jatining katineung haleuang nu urang;

Campaka lambang katresna, nu diteudeun jero ati, tilam rasa geus katampa, kasorotan katumbiri, caang dina sanubari, ngaberung ayang-ayanggung, nyulam rasa ku kasuka, nembus tungtung janari, rek mulung rupa geusan bawaning jaga;

Ku teu sangka ti anggalna, campaka murag ka gawir, paingan atuh paingan, pucuk awi nangtang angin, digupay ku kembang eurih, horeng aya nu nyalangkrung, ngagenang tungtung sosoca, tawisning hate ngageuri, tanda manah nalangsa rembes cimata.\*

Babakan Paniisan, 31 Muharam 1431

### **Jeket Hideung**

Jeket hideung, dibeuli bulan rayagung, waktos nyaba ka Bandung, cenah mah bungkus asih simut kamelang, ti anjeun...!

Jeket hideung, dibeuli di Cikapayang, waktos mulang ti Cilengkrang, cenah mah paranti ka pasir hariring gunung haliwung, jeung anjeun...!

Jeket hideung, kungsi diajaran sakeudeung, diteundeun di juru pangkeng, digantungkeun dina dongdang pakeun isuk pabeubeurang, ka anjeun...!

Nepi ka isuk pabeubeurang, hate saged muka dongdang, tarang kerung ingetan ngahuleng, jeket hideung bet suwung, ku anjeun...?!

Pajar cenah bungkus asih diri kuring, pajar cenah simut kamelang rasa urang, pajar cenah paranti ka pasir hariring, pajar cenah paranti ka gunung haliwung, naha atuh ari anjeun...?\*

Babakan Paniisan, 24 Shafar 1431

### **Teu ku Hanteu**

Basa kuring diteuteup anjeun, teu ku hanteu panonpoe bet jiga nu rek peureum, dumadakan awak tiis lir dikeueum, dumadakan jajantung asa titeuleum, titigalian asa kuram kireum, padahal mah padahal mah, rasa sorangan nu titeuleum...

Mun pareng inget ka anjeun, teu ku hanteu langit tos teu katingal haleungheum, dumadakan awak panas lir kabeuleum, dumadakan papakean asa haraseum, beungeut asa bareureum, padahal mah padahal mah, hate sorangan nu harieum...

Teu ku hanteu ayeuna urang pajauh, bongan anjeun mitineung ka anu bayuhuyuh, mikamelang ka anu lungguh timpuh, ninggalkeun kuring nguyung ku bangbaluh...\*

Babakan Paniisan, 24 Shafar 1431

### **Anu Nganti ti Kamari**

Duh jungjunan ati, naha kunaon seueur karisi, apan urang kantos pasini, bade sami tigin kana jangji, nu kantos dikedalkeun wanci kamari, seja babakti ka nu sahiji;

Abdi taya maksad lali, sumawona ngaluli-luli, sanaos sering mendak wawarti, cenah nu kamari tos sumping deui, seja nyungsi deui pasini, padahal anjeuna nu teu pasti, abdi moal bade pahili pasini;

Apan anjeun kantos wawarti, moal deuk kataji ku nu kamari, sanaos kasumpingan nu sarupi, moal pagentos sareng nu bihari, pajar cenah kedah sabar nya nganti, seja satia ngabaktikeun diri, satuhu dina kahirupan laki-rabi;

Tapi naha ari kiwari, jangji anjeun teu ngabukti, geuning anjeun bet kataji, ku anjeuna nu sarupi, sanaos sanes nu kamari, tapi ku anjeun dipikarisi, mopohokeun ka anu nganti ti kamari;

Babakan Paniisan, 25 Shafar 1431

### **Sono**

Harepan motah jeroeun dada, nujulan lawang peuting, ngahaja ditulis unggal wanci, disusun dihade-hade, sok sanajan bari ngajengjehe;

Emh...lamun seug langit bisa digurit mega didangding, sok rajeun haying ngapung, hayang ucang angge luhur mega, bari niiran bentang;

Ah...teu kedah seueur nya naros, teu kedah nganaha-naha, da sanaos ditaoros dinaha-naha, kedad lisan ku carios anu pondok, sono...\*

Babakan Paniisan, 26 Shafar 1431

### **Keur Buah Ati Kembang Sosoca**

Anaking, mun pareng hidep ngapungkeun langlayangan, sing bisa ngayun-ngayun bola, nu nganteng tina ramo kana mega, bisi pegat kataruk angin, kabawa kabur ka luhur jajantung;

Anaking, mun hidep kabawa ka luhur jajantung, sing bisa malibir ka biwir pasir, nu meulit dina risi jeung rempan, bisi ragrag ninggang jungkrang, nyangsaya dina regang kamelang;

Anaking, mun hidep nyangsaya dina regang kamelang, sing bisa ngalengkah ka sampalan, nu ngampar dina tegal sawangan, bisi mapah kacugak eurih, reureuh manggih kapeurih;

Anaking, mun hidep manggih kapeurih, sing bisa napak dina cukang, nu nyampay dina kaca-kaca dada, bisi poek katiup halimun, kasimbutan ku bangbaluh;

Anaking, mun hidep kasimbutan bangbaluh, sing bisa ngorehan kaludeung, nu nyayang dina hate jeung rasa, tong sieun ku unggueukna bueuk, nu mindeng ninggalkeun peuting, pek teuteup pijagaeun, nu gugupay ngahiap-hiap;

Najan urang patebih, poma ulah risi, najan urang paanggang, poma ulah rempan, najan pinuh ku katineung, inghak urang anger nganteng, dina jero jajantung;

Mendingan urang diajar gumati, ngatik diri ngisat raga, tamada-rumasa ka Nu Kawasa, ku rasa jeroeun dada, dibarengan sabar darana, bari henteu poho ngalakonan sholat.\*

Babakan Paniisan, 31 Shafar 1431

### **Nyawang Imut**

Lentikna ramo kanyaah, metikan tali kacapi batin, ngajentreng dina kekenteng hate, ngaguar lambaran lalakon, ku hariring ka mangsa harita, waktos urang sasareangan, ngarendeng ayang-ayanggung, disimbutan ku indung peuting;

Angin simpe, reureuh dina pucuk kalapa, sanggeus rengse mepende anu bedang, mindeng getreng jeung kahayang, ramo tonggoy metikan tali kacapi, ngahaleuang tembang harepan;

Di satengaheun renghap, reureuh dina babasan liwung, inget ka kembang campaka, anu jadi paesan buruan rasa, ngan hanjakal teu kungsi kaala, kaburu ligar ku lalangse mangsa;

Sora kacapi mingkin ngaanggangan, kabawa hariring jalan satapak, nyawang sampalan harepan, di luar angin geus lugay, mapag imut anjeun nu nganti ngahiap-hiap;\*

Babakan Paniisan, 31 Shafar 1431

### **Tepang Salangkung**

Pasosonten tepang salangkung, amprok jonghok paduduaan, di simpang jalan ka Panorama, patarema dua panangan...(raket pisan...), soca anteng neuteup pameunteu...(bareueus...),

Ditaros kumaha damang...(pangesto...), ditaros urang dimana...(di mendi...), ditaros urang bade kamana...(ka mendi...), kiceup lindeuk halon harewos, cenah dikantun permios...\*

Babakan Paniisan, 28 Shafar 1431

### **Marojengja**

Duh aduh.. kunaon ieu hate, emut bae ka salira, lawas henteu ngariksa, naha kamana sareng dimana, ngantun teh teu masihan wartos;

Reff:

Padahal mah padahal mah, abdi parantos tamada, padahal mah padahal mah, abdi nampi rumaos, rumaos henteu kawasa, teu wantun nampik pangersa;

Duh aduh.. naha ieu hate, kangen bae ka salira, sesah pisan dipapalerkeun, kamana atuh abdi milari, mugi masihan wartos;

Reff:

Kumaha atuh kumaha, ieu hate marojengja, kumaha atuh kumaha, ieu rasa samagaha, hoyong mapag rasa, nu kantos lawas katunda;\*

Babakan Paniisan, 29 Shafar 1431

### **Rumasa Asa-Asa**

Dina mangsa balebat, milang ramo manteng karep, nahe bet asa-asa, sieun harepan rasa mokaha;

Dina lalangse hate, lali rasa lalugina, rumaos teu kawasa, mung darma timbalan rasa;

Geuning... urang henteu nyorangan, geuning ...aya keneh nu nyarengan, seja ngadugikeun seratan...

Babakan Paniisan, 1 Rabiul Awal 1431

### **Di Simpang Jalan Cisangkuy**

Di simpang jalan Cisangkuy, urang tepang nu munggaran, teuteup urang eunteup dina regang kamelang, nya didinya aya geter-geter rasa, nya didinya aya deui nu miasih, rasa jeung asih mapaesan dunya urang duaan;

Di simpang jalan Cisangkuy, amprok deui paduduaan, sono galecok ati jeung ati, ngagalindeng laguning kalbu, hariring kawih katineung ati, haleuang tembang kasmaran, nya di dinya urang pasini, seja mageuhan karep sataman tresna;

Ngan hanjakal, cinta urang henteu lami, asih urang henteu lana, kapegat ku jalan cagak, nu kapaksa urang kudu milih, pada-pada nyieun putusan, nyatana anjeun risi ku bisi, nyatana anjeun rempan ku sugar, milih mulangkeun katineung, ninggalkeun kuring sorangan;\*

Babakan Paniisan, 1 Rabiul Awal 1431

### **Manuk Geuri**

Puyuh ngungkung di bobojong, Titiran ngelak disada. Kelak-kelik Heulang neangan cai, Saeran anu nyameran.

Caladi ngetrokan kai, Waliwis bijil ti leuwi. Cangkurileung ngahaleuang di mumunggang, Bincarung milu nyengakkan.

Kerak liar ka tegalan, Kuntul ukur bisa ngajentul. Tikukur ibur di lembur, Jogjog ribut hayang mondok.

Kaak raeng pating koreak, Uncuing milu nguriling. Dederuk pating salegruk, Ungkut-ungkut ngan ukur bisa nyumput.

Bangkong rangkong di darat, Gaang raang teu dipalire. Cihcir jongjon ngahariring, teu nolih sora Tongeret.

Ciang-ciang maridangdam, leungiteun ku manuk Geuri. Teu kakuping ngahariring kadangu ngadongeng, ilang karana duka kamana.

Anaking, ieu nu kantun ti nu ilang, peupeujeuh ti nu keur tebih: “dimana aya anu ngahariring, didinya aya anu nyanding, dimana aya anu ngahaleuang, didinya aya anu tandang, dimana aya anu ngagalindeng, nya didinya hidep kudu manggung...”

Babakan Paniisan, 2 Rabiul Awal 1431